


Walang Kekek

Waldjinah



D A D

Walang kekek menclok ning tenggok mabur maneh menclok ning pari

Ojo ngenyek yo mas karo wong wedho yen ditinggal lungo setengah mati

E ya ye ya e ya e ya ye yae yaiyo yaiyo

Manuk sriti kecemplung banyu bengi ngimpi awan ketemu

Walang abang menclok neng koro walang biru walange putih

Bujang maneh yo mas ora ngluyuro sing wis duwe putu ra tau mu lih

E ya ye ya e ya e ya ye yae yaiyo yaiyo

Biso nggambang yo mas ora biso nyuling biso nyawang ora biso nyanding

Walang ireng mabur brenggenggeng walang ireng dowo suthange

Yen podo seneng yo mas ojo mung mandeng golek ono ngendi omahe

E ya ye ya e ya e ya ye yae yaiyo yaiyo

Biso nggambang yo mas ora biso ndemung biso nyawang ora wani nembung

D A D

Walang kekek walange kayu walang kayu tibo ning lemah

Yen kepingin yo mas arep melu aku yen mung trimo tak kon jogo ngomah

E ya ye ya e ya e ya ye yae yaiyo yaiyo

Andeng-andeng ono pilingan ojo dipandeng mundak kelingan

Walang kekek menclok neng tampah mabur mrene menclok wit pete

Sumengkemo mring Gusti Allah nindakake dawuh-dawuhe

E ya ye ya e ya e ya ye yae yaiyo yaiyo

Walang kekek menclok neng tali limang wektu ojo nganti lali

E ya ye ya e ya e ya ye yae yaiyo yaiyo

Walang kekek walange kadung walang kekek sampun rampung